



Pou Piblikasyon Imedya: 06/05/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ANGAJMAN DEC, PAK ETA POU AJOUTE PLIS  
FANM NAN RAN GAD FORÈ YO, OFISYE LAPOLIS KONSÈVASYON  
ANVIWÒNMANTAL YO AK OFISYE LAPOLIS PAK YO**

***DEC, Lapolis Pak rejwenn Lapolis Eta New York la nan fè 'Pwomès 30x30'  
nasyonal pou mennen plis fanm nan lapolis la pou amelyore sekirite piblik, rezilta  
kominotè yo, ak mete konfyans nan lapolis la***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Depatman Konsèvasyon Anviwonmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) ak Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) la te rejwenn Lapolis Eta a ak lòt depatman lapolis atravè peyi a nan angaje 'Pwomès 30x30' lan pou ajoute plis fanm nan ran Ofisye Polis Konsèvasyon Anviwònmantal (Environmental Conservation Police Officers), Gad Forè (Rangers Forest) ak nan Ofisye Lapolis Pak (Park Police Officers). Pwomès 30x30 lan se yon seri aksyon ajans polis yo ap pran pou amelyore reprezantasyon ak eksperyans fanm nan fòs lòd yo. Aktivite sa yo ede ajans yo evalye eta aktyèl nan ekite sèks yo epi devlope estrateji pou elimine baryè ki anpeche avansman fanm nan lapolis, tankou rekritman, evalyasyon, anbochaj, retansyon, pwomosyon, ak kilti ajans.

"Ajans lapolis New York yo pi fò ak pi efikas lè yo reflète divèsite Nouyòkè y ap sèvi yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Mwen bat bravo pou DEC ak Pak Eta (State Parks) paske yo te pran angajman enpòtan sa a pou rekrite plis fanm nan ran yo, epi mwen ankouraje tout moun ki enterese pwofite opòtinite a pou gen yon enpak pwofon ak pozitif sou lavi lòt moun nan antre nan kominote lapolis sa".

Pwomès la se yon efò fondamantal nan [Inisyativ 30x30](#) , yon kowalisyon lidè lapolis, chèchè ak òganizasyon pwofesyonèl ki te mete ansanm pou fè avanse reprezantasyon ak eksperyans fanm yo nan tout ran nan lapolis atravè Etazini. Inisyativ 30x30 lan afilye avèk Pwojè Lapolis nan New York University School of Law ak Asosyasyon Nasyonal Fanm Responsab pou Fè Aplike Lalwa (National Association of Women Law Enforcement Executives, NAWLEE).

Objektif final Inisyativ 30x30 lan se rive jwenn 30 pousan fanm ki nan klas rekrite lapolis yo anvan 2030, epi asire ajans ki pou fè aplike lalwa yo byen reprezante jiridiksyon

ajans lan sèvi. Pandan ke 30x30 konsantre sou avanse fanm yo nan lapolis, prensip sa yo aplikab a tout divèsite demografik, pa sèlman sèks.

An mas, Gouvènè Kathy Hochul [te anonse](#) Lapolis Eta New York te fè pwomès pou ranfòse ran Twoup fanm yo. Plis pase 160 ajans - soti nan gwo departman metwo yo ki gen ladan Departman Lapolis Vil New York, rive nan ajans lapolis tay mwayen, riral, inivèsite ak eta yo - yo te siyen pwomès 30x30 lan. Pwomès la baze sou rechèch syans sosyal ki montre pi gwo reprezantasyon fanm nan fòs polis yo mennen nan pi bon rezilta lapolis pou kominote yo.

**Komisè Departman Konsèvasyon Anviwònmanal la, Basil Seggos, te deklare,** "Chak jou, fanm Gad Forè yo ak Ofisye Konsèvasyon Anviwònmanal DEC yo ap travay di, yo ap aplike kèk nan lwa anviwònmanal ki pi solid nan nasyon an, pwoteje resous natirèl nou yo, ankouraje jistis anviwònmanal, epi pwoteje kominote yo kont menas egzistansyèl chanjman klimatik la. Fè pwomès 30x30 lan rekonèt alafwa travay DEC te akonpli jiska prezan pou sipòte fanm nan fòs lòd DEC la, ak travay ki rete pou ogmante divèsite ak reprezantasyon estaf DEC an jeneral."

**Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare,** "Manm Polis Pak Eta New York yo travay chak jou pou pwoteje vizitè Pak Eta yo ak moun atravè Eta a. Nou rekonèt yon fòs Polis Pak Reprezantatif ki divèsifye enpòtan anpil pou ede tout vizitè yo gen yon eksperyans ki an sekirite, akeyan epi ki agreyab nan etablisma pak eta yo atravè New York. Pak Eta New York rejwenn ak patnè fòs lòd eta nou yo nan Pwomès 30X30 lan pou amelyore reprezantasyon fanm yo nan ran nou yo."

**Kofondatè Inisyativ 30x30 lan, Maureen McGough, te deklare,** "Nou rekonesan anvé DEC ak Pak Eta paske yo pami premye ajans nan nasyon an ki pran angajman pou yo fè pati mouvman k ap grandi sa a. Nou kwè fòtman ke avanse fanm nan lapolis la enpòtan anpil pou amelyore rezilta sekirite piblik yo. Nou pa ka tann pou nou genyen plis ajans ki swiv egzanp DEC ak Pak Eta nan siyen pwomès epi amelyore reprezantasyon ak eksperyans fanm yo nan lapolis."

**Direktris Divizyon Fòs Lapolis la, Karen Przyklek, te deklare,** "Kòm premye Fanm Direktris Divizyon Fòs Lapolis DEC la, mwen te fè li klè byen bonè ke rekritman plis fanm Ofisye Polis Konsèvasyon Anviwònmanal se yon priyorite. Anons pwomès sa a ankourajan paske li montre ke DEC angaje li pou li ajoute plis fanm ki fò, entèlijan e ki gen anpil ladrès nan ran Gad Forè ak ECO DEC yo."

**Direktè Divizyon Pwoteksyon Forè (Division of Forest Protection) a, John Solan, te deklare,** "Pwomèt sa a konsistan avèk travay kontinyèl Divizyon Pwoteksyon Forè a pou amelyore reprezantasyon ak eksperyans fanm ofisye yo nan ajans nou an. Nou onore pou nou pami premye moun nan nasyon an ki fè pwomès esansyèl sa, epi nou pa ka tann pou nou travay ak aprann nan men ajans yo atravè peyi a ki pataje priyorite nou yo."

Pou ede ajoute plis fanm nan ran yo, Departman Konsèvasyon Anviwònmanal la (DEC) Divizyon Pwoteksyon Forè a ak Fòs Lòd yo ap ogmante sansibilizasyon atravè Eta New

York ak fwa karyè ak kanpay maketing, epi yo pral regilyèman itilize divès platfòm rezo sosyal pou mete aksan sou travay inik epi ki merite rekonpans nouvo rekrite yo ka atann lè yo rantre nan Gad Forè DEC oswa nan Ofisye Polis Konsèvasyon Anviwònmanal

DEC dedye pou bay yon anviwònman travay ki sipòte totalman ak ankouraje divèsite ak enklizyon. Misyon DEC pou pwoteje anviwònman an kapab akonpli avèk siksè sèlman lè yo anbrase divèsite, fòs, ak talan tout anplwaye yo. Ansanm ak efò k ap kontinye pou etabli opòtinite travay egal pou tout moun, DEC pran angajman pou elimine rasis ak diskriminasyon ak ankouraje misyon nou pou pwoteje anviwònman an pou tout moun ki abite oswa ki vizite Eta New York.

Komisè Seggos te dirije lansman DEC la nan yon Inisyativ Devlopman Pwofesyonèl pou Fanm (Women's Professional Development Initiative) an 2018 an repons aK fanm k ap chèche opòtinite pou kwasans pwofesyonèl ak devlopman karyè. dirije pa yon Komite Direktè, inisyativ la travay pou kiltive yon anviwònman otonòm pou tout fanm yo nan DEC epi evolye ajans lan kòm yon òganizasyon ki gen yon kilti ki bay tout anplwaye yo opòtinite pou yo rive nan pi wo nivo kontribisyon yo epi ki rekonèt ak ankouraje talan anplwaye yo ki gen anpil valè nan tout nivo devlopman karyè.

Ou ka jwenn ekstrè son/sitatasyon sou Pwomès 30x30 Direkris Divizyon Lapolis la Karen Przyklek ak Adjwen Megan LaPierre ki soti nan Gad Forè [isit la](#). Yo tache yon jounal entèvyou a.

Pou plis enfòmasyon sou [Divizyon Lapolis](#) epi [Divizyon Pwoteksyon Forè](#) DEC la, vizite [www.dec.ny.gov](http://www.dec.ny.gov).

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou Lapolis Pak Eta New York la, vizite [parks.ny.gov](http://parks.ny.gov).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418